

Tout Sa Ki Gen Rapò Ak Dekontaminasyon Penti Ki Gen Plon

Sa Ou Dwe Konnen Pou w Ka
Rezoud Pwoblèm Plon Lakay Ou
San Danje



Pwogram Prevansyon Kont
Anpwazonman nan Plon
Lakay Timoun yo
(Childhood Lead Poisoning
Prevention Program, CLPPP)

Rele gratis nan: 1-800-532-9571

Entwodiksyon

Pwoteje Timoun yo kont Anpwazonman nan Plon

Paj 2

Lwa nan Massachusetts kont Plon

Paj 3

Kisa ki dekontaminasyon Penti ki gen Plon an ye?

Paj 4

Fè yo enspekte lakay ou pou wè si l gen plon

Paj 5

Diferan fason pou dekontamine penti ki gen plon

Dekontaminasyon ki gen yon risk ki fèb

Paj 7

Enkapsilasyon

Paj 9

Dekontaminasyon plon ki gen yon risk ki modere

Paj 11

Dekontaminasyon plon ki gen yon risk ki wo

Paj 13

Lèt Opsyon ak Resous

Èske gen Èd Finansyè ki Disponib?

Paj 14

Kòman mwen ka gen yon lèt konfòmite?

Paj 15

Kontwòl Tanporè

Paj 17

Resous

Do

Pwoteje Timoun yo kont Anpwazonnman nan Plon

Itilize liv sa

Liv sa di w sa w sipoze konnen pou w rezoud pwoblèm ki lye ak plon lakay ou. Yo rele sa dekontaminasyon penti ki gen plon. Suiv etap ki nan liv sa pou w pwoteje lakay ou ansanm ak moun k ap viv ladan l yo.

CLPPP la pou li ede w. Si w ta gen nenpòt kesyon konsènan dekontaminasyon penti ki gen plon, rele gratis nan 1-800-532-9571. Mèsi dèske w jwe wòl pa w nan kenbe timoun yo an sekirite.

CLPPP vle di Pwogram Prevansyon Kont Anpwazonnman nan Plon Lakay Timoun yo (Childhood Lead Poisoning Prevention Program)

Kòman timoun yo fè anpwazonnen nan plon?

Pifò anpwazonnman nan plon nan Massachusetts yo soti nan penti ki gen plon nan ansyen kay yo. Anpil nan kay ki fèt anvan lane 1978 yo gen penti ki gen plon anndan ak deyò kay la. Lè ansyen penti an krake epi l ap leve, li vin bay yon pousyè ki gen plon ladan l. Pousyè ki gen plon an antre nan kò timoun yo lè yo mete men yo ak jwèt yo nan bouch yo.

- Plon an andomaje sèvo yo, ren yo ak sistèm nève yo.
- Se timoun ki nan laj 9 mwa ak 6 lane yo ki plis a risk.
- Menm si se ak yon ti kantite tou piti, plon an ka fè timoun nan pa aprann byen, gen difikilte pou li prete atansyon epi bay pwoblèm konpòtman.



Lwa nan Massachusetts kont Plon

Lalwa sou koze plon an pwoteje dwa timoun yo pou yo viv nan yon anviwonman kote yo pa ekspoze ak plon. Lalwa sou koze plon an fè egzijans pou yo rann kay yo an sekirite si yo te konstwi anvan lane 1978 epi si gen timoun ki poko gen 6 lane ki ap viv ladan yo.

Pwopriyetè yo sipoze koube yo anba lalwa sou koze plon an. Si yon timoun anpwazonnen lakay li, pwopriyetè a responsab, menm si pwopriyetè a pa t okouran de plon an. Se responsablite pwopriyetè a pou li jwenn enfòmasyon sou koze plon an. Fè yo enspekte kay la.



Gen 2 fason ou kapab mete w an konfòmite ak lalwa a:

- Retire oswa kouvri tout risk ki lye ak Plon nan kay la. Apre travay la fin fèt kòrèkteman epi li apwouve, w ap resevwa yon Lèt Konfòmite a Dekontaminasyon Penti ki Gen Plon yo.

OSWA

- Rezoud pwoblèm Ijan ki lye ak plon an. Metòd tanporè sa rele kontwòl tanporè. Apre travay la fin fèt kòrèkteman epi li apwouve, w ap resevwa yon Lèt Konfòmite Dekontaminasyon Penti ki Gen Plon yo. Lèt la valab jiska 2 lane. Apre sa, menas la sipoze korije yon fason pèmanan si gen timoun ki anba 6 lane toujou ki ap viv nan kay la.

Kisa dekontaminasyon penti ki gen plon yo ye?

Dekontaminasyon penti ki gen plon yo se travay ki fèt pou retire oswa kouvri menas plon nan kay yo. Travay dekontaminasyon an gen ladan l bagay tankou ranplase fenèt ak bwa nan kay, grate oswa kouvri ansyen penti ak kouvri yo ak yon penti espesyal.

Kiyès ki ka fè travay sa yo?

Pwopriyetè ki resevwa fòmasyon epi ki otorize ka fè travay dekontaminasyon ki pa gen gwo risk, tankou sa ki reprezante yon ti risk ak sa ki reprezante yon risk modere. Travay ki gen gwo risk yo, se yon pwofesyonèl ki la pou sa ki pou fè l. Ti liv sa eslike diferan tip dekontaminasyon yo epi li di kòman ou ka aprann fè travay la pou kont ou.

Pwopriyetè yo ka gen yon ajan pou fè dekontaminasyon ki gen ti risk ak sa ki gen risk modere yo pou yo. Ajan an kapab nenpòt moun ki ap fè travay la pou pwopriyetè a. Ajan an kapab yon anplwaye, yon fanmi, oswa yon zanmi. Ajan an sipoze gen 18 lane oswa plis. Ajan an sipoze gen otorizasyon pou li fè travay la. Gen kèk renovatè ki respekte règleman kont plon ki ka fè travay dekontaminasyon modere yo. Ale sou www.mass.gov/LWD/Labor-standards/lead-program

ENPÒTAN!

Anvan yon pwopriyetè kòmanse yon travay dekontaminasyon, li sipoze asire l ke:

- Gen yon enspektè ki lisansye ki enspekte kay la
- Pwopriyetè a oswa ajan an dwe resevwa fòmasyon pou yo fè travay la.
- Pwopriyetè a oswa ajan an gen yon otorizasyon nan men CLPPP.
- Pwopriyetè a oswa ajan an te mete tout pati yo okouran de lè travay la ap kòmanse.

Si w pa suiv etap sa yo, ou mete timoun ak okipan ki ap viv nan kay la an danje epi ou pa p jwenn yon Lèt Konfòmite vizavi Dekontaminasyon Penti ki Gen Plon oswa yon Kontwòl Tanporè.



Fè yo enspekte lakay ou pou wè si l gen plon

Kòman m ap fè konnen gen plon lakay mwen?

Premye etap la se fè yo teste kay ou a pou si l gen plon. Se yon enspektè ki lisansye ki sipoze enspekte kay ou a. Yo sipoze fè yon enspektyon an entegralite.

Ki kote m ap jwenn yon enspektè lisansye nan domèn plon?

Gen yon lis tout enspektè ki lisansye yo sou sit entènèt CLPPP a nan www.mass.gov/dph/clppp oswa rele CLPPP nan 1-800-532-9571.

Ki tip de enspektè nan domèn plon mwen sipoze chèche?

Enspektè nan domèn plon yo dwe gen yon lisans CLPPP. Ou ka rele CLPPP pou w ka konnen si gen yon moun ki te plenyen kont yon enspektè nan domèn plon epi pou w ka verifye lisans li an.

Si w vle yon lèt Kontwòl Tanporè, ou sipoze anplwaye yon evalyatè risk. Yon evalyatè risk se yon enspektè nan domèn plon, men ki resevwa plis fòmasyon. Evalyatè risk la ap idantifye pwoblèm ijan ki lye ak plon nan kay la.

Pa retire oswa kouvri penti yo, yon enspektè ki lisansye nan domèn plon sipoze enspekte yo anvan. Si yo jwenn plon nan kay la, se yon moun ki resevwa fòmasyon epi ki otorize ki sipoze fè travay la.



Kisa enspektè nan domèn plon an fè?

Enspektè a ap teste penti a, pati anndan ak pati deyò kay la pou l verifye si yo gen plon. Enspektè a ap drese yon rapò sou menas li jwenn yo nan fèy rapò enspeksyon plon an. L ap teste tout bagay nan kay la tankou, depo ak garaj ki nan lakou a.

Aprè l fin fè enspeksyon an, enspektè a ap ba ou yon rapò global sou menas ki gen rapò ak plon ki gen nan kay la. Y ap ba w rapò a nan espas 10 jou apre enspeksyon an. Enspektè a sipoze esplike w rapò a epi li sipoze ba w enfòmasyon sou plon an. Enspektè a sipoze bay lokatè ki nan kay la si genyen, yon kopi rapò a tou. Si ou gen pwoblèm pou w konprann rapò enspeksyon sou plon an, rele enspektè w la oswa rele CLPPP nan 1-800-532-9571.

Konbyen kòb yon enspektè ka koute?

Yon enspektè nan domèn plon ka koute jiska \$300 pou yon ti apatman epi jiska \$500 ou yon gwo kay. Se yon bon pratik pou w ta pran pri nan men plis pase yon enspektè anvan w fè yon chwa.

Konbyen tan enspeksyon an ap dire?

Yon enspeksyon global ap dire 3 a 4 èdtan lepisouvan. Dire enspeksyon an depann de gwosè kay la.

Mande yon re-enspeksyon

Aprè w fin fè dekontaminasyon an, w ap bezwen pou w anplwaye yon enspektè nan domèn plon pou li re-enspekte kay ou a. Se kapab menm enspektè ki te teste kay ou a avan sa a oswa li kapab yon lòt enspektè ki lisansye. Asire w pou w mande enspektè a konbyen l mande pou li fè yon re-enspeksyon ak pran echantyon pousyè.

Dekontaminasyon ki gen yon risk ki fèb

Kisa dekontaminasyon penti ki gen plon ki gen risk ki fèb lan ye?

Dekontaminasyon ki gen yon risk ki fèb se travay pwopriyetè ki resevwa fòmasyon yo ka fè san yon pa bezwen yon pwofesyonèl ki lisansye. Travay ki gen yon risk ki fèb yo gen ladan yo:

- Retire pòt yo, pòt amwa yo, ak fenèt an bwa yo nan lòk yo
- Kouvri sifas yo
- Kouvri mi Batiman yo ak Vinil
- Teste sifas yo pou enkapsilasyon epi pou yo aplike enkapsilan (gen yon lòt ti liv ki la pou enkapsilasyon an menm)

Kiyès ki ka fè dekontaminasyon penti ki gen plon ki gen risk ki fèb lan?

Nenpòt moun ki gen 18 lane oswa plis ka fè dekontaminasyon ki gen risk ki fèb la **depi li resevwa fòmasyon ak otorizasyon** pou li fè travay la. Si yon pwopriyetè pa vle fè travay la li menm, li ka gen yon **ajan** ki fè travay la pou li. Ajan an kapab nenpòt moun ki ap fè travay la pou pwopriyetè a. Ajan an kapab yon anplwaye, yon fanmi, oswa yon zanmi. Si ou anplwaye yon moun pou li kouvri mi kay la ak vinil, li kapab tou yon ajan pou travay dekontaminasyon ki gen risk ki fèb.



Ki kote yo ka fòmè m epi banm otorizasyon pou m fè travay ki reprezante yon risk ki fèb?

Pou w ka fè travay ki gen yon risk ki fèb, ou sipoze:

1. Kontakte CLPPP pou w ka jwenn yon kopi gratis **Gid Dekontaminasyon Travay ki Gen yon Risk ki Fèb**.
2. Li **Gid Dekontaminasyon Travay ki Gen yon Risk ki Fèb**.
3. Pase egzamen an lakay ou.
4. Voye egzamen an pa lapòs bay CLPPP.

Si w pase egzamen ou te fè adomisil la, CLPPP ap voye yon nimewo otorizasyon ba ou.

Kilè mwen ka fè travay ki pa reprezante yon gwo risk la?

Ou ka fè travay ki pa reprezante yon gwo risk la apre ou:

- Fin fè yo fè enspeksyon pou plon an.
- Fin resevwa **Nimewo pou Dekontaminasyon Travay ki Gen yon Risk ki Fèb** la nan men CLPPP. Si se enkapsilan w ap itilize, ou sipoze gen yon nimewo otorizasyon pou enkapsilasyon tou (gade paj ki annapre a).
- Voye notifikasyon dekontaminasyon plon an bay CLPPP, Depatman Travay Estanda (Department of Labor Standards, DLS), ak Komite Sante lokal ou a. Si gen lokatè ki ap viv nan bilding lan, yo sipoze resevwa notifikasyon an 10 jou anvan w kòmanse travay la.

Ou sipoze resevwa yon nimewo otorizasyon nan men CLPPP anvan ou kòmanse nenpòt travay. Rele 1-800-532-9571 pou w ka jwenn yon kopi **Gid Dekontaminasyon Travay ki Gen yon Risk ki Fèb** ansanm ak egzamen adomisil la oswa vizite www.mass.gov/dph/CLPPP



Enkapsilasyon

Kisa ki enkapsilasyon an?

Enkapsilasyon se travay pwopriyetè ki resevwa fòmasyon yo ka fè san yo pa bezwen yon pwofesyonèl ki lisansye. Enkapsilasyon vle di aplike yon kouch likid espesyal, ke yo rele enkapsilan, sou penti ki gen plon yo. **Moun ki ap aplike enkapsilan an sipoze fè yon tès sou penti ki te la a pou li asire l ke penti a fèm ase pou li sipòte enkapsilan an.**

- Enkapsilan yo disponib nan anpil kenkayri.
- Enkapsilan yo fonksyone byen sou bwa ki nan bon kondisyon.

Penti nòmal yo pa yon enkapsilan!



Kiyès ki ka fè enkapsilasyon?

Nenpòt moun ki gen 18 lane oswa plis ka fè yon enkapsilasyon **depi li resevwa fòmasyon ak otorizasyon** pou li fè travay la. Si yon pwopriyetè pa vle fè travay la li menm, li ka gen yon **ajan** ki fè travay la pou li. Ajan an kapab nenpòt moun ki ap fè travay la pou pwopriyetè a. Ajan an kapab yon anplwaye, yon fanmi, oswa yon zanmi. Rele 1-800-532-9571 pou w mande yon kopi bwochi sou Enkapsilasyon an oswa vizite www.mass.gov/dph/CLPPP

Rele 1-800-532-9571 pou w mande yon kopi bwochi sou Enkapsilasyon an oswa vizite <http://www.mass.gov/dph/CLPPP>

Ki kote yo ka fòmè m epi banm otorizasyon pou m fè travay enkapsilasyon an?

Pou w ka fè enkapsilasyon, ou sipoze:

1. Kontakte CLPPP pou w ka jwenn yon kopi Bwochi Enkapsilasyon an.
2. Li bwochi enkapsilasyon an.
3. Pase egzamen an lakay ou.
4. Voye egzamen an pa lapòs bay CLPPP.

Si w pase egzamen an, CLPPP ap voye yon nimewo otorizasyon ba ou.

Kilè mwen ka kòmanse travay enkapsilasyon yo?

Ou ka kòmanse travay enkapsilasyon an apre w:

- Fin fè yo fè enspeksyon pou plon an.
- Fin resevwa Nimewo Otorizasyon Enkapsilasyon an nan men CLPPP.
- Voye notifikasyon dekontaminasyon plon an bay CLPPP, Depatman Travay Estanda (Department of Labor Standards, DLS), ak Komite Sante lokal ou a. Si gen lokatè ki ap viv nan bilding lan, yo sipoze resevwa notifikasyon an 10 jou anvan w kòmanse travay la.

Anvan w aplike pou enkapsilan yo, yon enspektè ki lisansye dwe teste ke lakay ou a gen plon epi li dwe apwouve ke kote yo ka resevwa enkapsilan.



Dekontaminasyon plon ki gen yon risk ki modere

Kisa dekontaminasyon plon ki gen yon risk ki modere a ye?

Dekontaminasyon ki gen yon risk ki modere se travay pwopriyete ki resevwa fòmasyon yo ka fè san yo pa bezwen yon pwofesyonèl ki lisansye. Travay ki gen yon risk ki modere yo gen ladan yo:

- Retire fenèt, bwa ak lòt sifas
- Repare oswa repentire (rann entak) ti sifas ki gen penti ki gen plon (pa plis pase 2 pye kare pa chanm oswa 20 pye kare nan mi deyò kay la).

Ou pa ka retire mi oswa plafon oswa demoli yon pati nan kay la nan kad travay ki gen risk modere yo.

Kiyès ki ka fè dekontaminasyon penti ki gen plon ki gen risk ki modere yo?

Nenpòt moun ki gen 18 lane oswa plis ka fè dekontaminasyon ki gen risk ki modere **depi li resevwa fòmasyon ak otorizasyon** pou li fè travay la. Si yon pwopriyete pa vle fè travay la li menm, li ka gen yon **ajan** ki fè travay la pou li. Ajan an kapab nenpòt moun ki ap fè travay la pou pwopriyete a. Ajan an kapab yon anplwaye, yon fanmi, oswa yon zanmi.

Ki kote yo ka fòme m epi banm otorizasyon pou m fè travay ki reprezante yon risk ki modere a?

Pou w ka fè travay ki gen yon risk ki modere, ou sipoze:

1. Pase yon fòmasyon yon jounen sou **Kou Risk ki Modere** a. Kou ap gen ladan l kòman pou w travay an sekirite epi netwaye.
2. Pase **Tès Risk ki Modere** a ke CLPPP ap voye ba ou apre w fini kou a.
3. Voye tès risk ki modere a apre bay CLPPP.

Si w pase egzamen an sou risk modere a, CLPPP ap voye yon nimewo otorizasyon ba ou.

Gen kèk renovatè ki respekte règleman kont plon yo ki ka fè travay dekontaminasyon modere yo tou. Ale sou <http://www.mass.gov/LWD/Labor-Standards/lead-program>

Raple w: Nenpòt moun ki planifye pou li fè travay ki gen risk modere a li sipoze gen ase konpetans nan zafè chapantye epi li sipoze gen tan pou sa!

- Enspektè yo pa ka apwouve yon move travay chapant.
- Manm fanmi yo pa ka rete nan kay la pandan travay ki reprezante risk modere yo ap fèt anndan kay la.

Kòman m ka fè jwenn yon fòmasyon pou risk ki modere tou pre mwen?

Fòmasyon an prive yo chaje \$200 pou kou 8 èdtan fòmasyon an. Gen kèk founisè ki ofri kou pou pi piti 2 fwa nan yon mwa, sa gen ladan tou kou le lannuit ak le wikenn. Toujou konfime dat kou yo ak fòmasyon w la.

Gen yon lis founisè ki bay fòmasyon sou risk modere yo nan bwochi sa. N ap jwenn plis enfòmasyon ki disponib sou sit entènèt CLPPP a: <http://www.mass.gov/dph/clppp>.

Si w ta renmen angaje yon kontraktè (tankou yon konpayi pou ranplase fenèt ou), asire w ke kontraktè a se yon renovatè ki gen lisans ki di li respekte règleman kont plon oswa ke li se yon pwofesyonèl dekontaminasyon ki lisansye. Ou kapab verifye lisans sa yo, jis rele Depatman Travay Estanda (Department of Labor Standards, DLS) nan 1-617-626-6960 oswa vizite www.mass.gov/LWD/LaborStandards/lead-program



Dekontaminasyon plon ki gen yon risk ki wo

Kisa dekontaminasyon penti ki gen plon ki gen risk ki wo yo ye?

Travay ki gen gwo risk yo, se yon **pwofesyonèl lisansye** ki la pou sa ki pou fè l. Travay ki gen yon risk ki wo yo gen ladan yo:

- Grate penti
- Itilize pwodui chimik pou retire penti
- Demolisyon
- Kouvri anpil pati penti ki gen plon.



Ki kote mwen ka jwenn yon pwofesyonèl ki lisansye nan dekontaminasyon plon?

Gen yon lis tout kontratè ki lisansye yo sou sit entènèt CLPPP a nan **www.mass.gov/dph/clppp**. Kontraktè a ka resevwa lisans li nan Depatman Travay Estanda (Department of Labor Standards, DLS). Se yon bon ide pou w pran pri nan men 3 pwofesyonèl ki lisansye anvan menm ou chwazi yonn. Ou sipoze rele DLS pou w:

- Verifye nimewo lisans lan, yon fason pou w asire w li aktyèl, ke yo pa t anile l oswa sispann li.
- Gade tou si yo pa t depoze onkenn plent kont kontraktè a.

Kisa mwen sipoze gade nan yon kontra ak yon pwofesyonèl ki lisansye?

Asire w ou gen yon kontra **alekri!** Kontra a sipoze gen non, nimewo lisans ak enfòmasyon sou kontak pwofesyonèl ki responsab pou li fè travay la. Li sipoze genyen tou:

- Tip de travay ki gen pou fèt yo epi ki tip de materyèl yo ap itilize.
- Yon estimasyon sou konbyen tan travay la ap pran, kilè li ap kòmanse ak kilè li ap fini.
- Yon plan konsènan netwayaj ak re-pentire sifas yo. Asire w ke pwofesyonèl dekontaminasyon an netwaye kay la **san w pa peye yon kòb anplis** jiskaske ou pase re-enspeksyon an.
- Yon plan peman pou travay la. Pa egzanp, montan ki ap bay an avans, montan pandan travay la ap fèt epi montan final la apre w fin resevwa Lèt Konfòmite a yon Dekontaminasyon Total.

Èske gen Èd Finansyè ki Disponib?

Wi! Gen lajan ki disponib pou ede w. Rele Pwogram Mete Plon Deyò a pou plis detay nan: 1-617-854-1000. Oswa vizite www.masshousing.com.

Mete plon deyò

Pwogram Mete Plon Deyò a bay pwopriyetè yo sipò ki pa two chè pou yo retire oswa kouvri penti ki gen plon yo. Gen kèk pwopriyetè ki kapab resevwa prè ke yo ap gen pou yo peye lè kay la refinanse oswa lè yo vann li.

Pwogram lokal yo

Gen dwa gen èd finansye ki disponib nan lokal kominotè ou a pou dekontaminasyon. Kontakte biwo Devlopman Kominotè lokal ou a oswa biwo Planifikasyon Meri a pou plis enfòmasyon.

Kredi sou enpo

Si w resevwa yon Lèt Konfòmite a Dekontaminasyon Total, ou elijib a jiska \$3,000 enpo sou revni nan men leta. Si w resevwa yon Lèt Kontwòl Tanporè, ou elijib pou \$1,000 kredi sou enpo sou revni ou nan men leta pou chak inite ou mete an sekirite kont plon.



Pou w ka jwenn yon kopi Planifikasyon LP a ak plis enfòmasyon konsènan Kredi Enpo ki lye ak Pentri ak Plon kontakte Depatman Revni Massachusetts la nan 617-887-MDOR oswa 1-800-392-6089, oswa www.mass.gov/dor

Kòman mwen ka gen yon lèt konfòmite?

Step 1

Fè yo enspekte kay ou

Premyeman, fè yon enspektè ki lisansye enspekte kay ou a. Sa ap fè w konnen kote menas plon yo ye nan kay ou a epi kisa pou w fè pou w rezoud sa. Si pa gen onkenn menas ki lye ak plon epi pa gen onken siy pou fè yon dekontaminasyon ki otorize, enspektè a ap ba w yon Lèt Konfòmite Inisyèl.

Step 2

Deside kiyès ki ap fè travay la

Si w anvizaje fè travay ki reprezante yon ti risk oswa yon risk modere yo pou kont ou, ou sipoze gen otorizasyon CLPPP anvan.

- Reflechi si w gen konpetans ak tan pou sa tou.
- Si travay la se yon travay ki reprezante yon gwo risk, oswa si w pa vle fè li poukont ou, angaje yon pwofesyonèl lisansye oswa yon renovatè ki respekte règleman kont plon yo.

Step 3

Voye avi

Ou sipoze voye yon avi anvan w fè travay la. Si gen lokatè nan kay la, ou sipoze voye yon avi 10 jou anvan w kòmanse travay la ba yo.

- Ou sipoze voye avi dekontaminasyon an bay tout okipan yo, bay CLPPP, Depatman Travay Estanda (Department of Labor Standards, DLS), ak Komite Sante lokal ou a.
- Ou pa oblije tann 10 jou anvan w kòmanse travay la si pa gen onkenn moun ki ap viv nan kay la oswa si se sof ou ki ap viv nan kay la. Men ou sipoze toujou voye avi dekontaminasyon an.



Step 4

Fè Travay la

Okipan yo pa sipoze rete nan kay lan pandan laplipa travay dekontaminasyon yo.

- Si se yon travay dekontaminasyon ki gen gwo risk oswa risk ki modere ki ap fèt anndan kay la, okipan yo sipoze ale yon lòt kote jiskaske travay la fini.
- Anvan okipan yo retounen nan kay la, sipoze gen yon lòt enspeksyon ke yon enspektè sipoze fè. Si li nesèsè, rès travay ki reprezante yon ti risk yo ka fèt pandan okipan yo retounen nan kay la.
- Si se travay ki gen yon ti risk ke w ap fè, kote w ap travay la sipoze netwaye nan fen jounen an. Okipan yo pa oblije deplase.



Step 5

Fè yon re-enspeksyon final

Aprè w fin fè dekontaminasyon an, w ap bezwen pou w anplwaye yon enspektè nan domèn plon pou li re-enspekte kay ou a. Se kapab menm enspektè ki te teste kay ou a avan sa a oswa li kapab yon lòt enspektè ki lisansye. Enspektè a sipoze genyen yon seri wayps ki fèt pou pousyè ki gen plon, wayps yo sipoze koresponn ak nivo netwayaj la.

- Si yo rezoud tout pwoblèm plon yo, enspektè a ap bay yon Lèt Konfòmite a Dekontaminasyon Total la.

Yon **Lèt Konfòmite a Dekontaminasyon Total** ak **Rapò Re-enspeksyon an** (ki montre kòman chak sifas yo trete) se 2 dokiman legal ki enpòtan anpil. Kenbe yo yon kote ki an site pou w pa pèdi yo.

Kontwòl Tanporè

Kisa ki kontwòl tanporè a?

Kontwòl tanporè se yon fason pou pwopriyete yo fikse pwoblèm plon ki ijan yo yon fason pou pwoteje timoun yo kont li. Li bay pwopriyete a 2 lane pou li dekontamine kay la konplètman epi antre an konfòmite totalman. Anvan 2 lane a, kay la sipoze gentan dekontamine konplètman si gen yon timoun ki anba 6 lane ki ap viv ladan l.

Travay an ijans kont menas plon yo gen ladan yo:


- Penti ki dekalè, ki ap tonbe, oswa ki lach
- Fenèt ki gen penti ki gen plon
- Fenèt an fòm sèk anba kay ki pa lis epi ki mal pou lave
- Pwoblèm estriktirèl tankou plafon ki koule ki lakoz penti yo dekole

Kòman mwen ka fè idantifye menas ijan ki lye ak plon yo?

Yon **evalyatè risk** ap enspekte kay ou a epi l ap detèmine ki menas ki sipoze korige pou w ka gen yon Lèt Kontwòl Tanporè.


Yon evalyatè risk se yon enspektè nan domèn plon, men ki resevwa plis fòmasyon. Evalyatè risk la ap idantifye pwoblèm ijan ki lye ak plon nan kay la. Pou w ka jwenn lis evalyatè risk ki lisansye yo, rele CLPPP nan 1-800-532-9571 oswa vizite www.mass.gov/dph/CLPPP

Kisa pou m fè pou m gen yon Lèt Kontwòl Tanporè?



Fè yon evalyatè risk enspekte kay ou


Premyeman, angaje yon evalyatè risk pou li idantifye pwoblèm ijan ki lye ak plon nan kay la. Si w anvizaje fè travay ki reprezante yon ti risk oswa yon risk modere yo pou kont ou, ou sipoze gen otorizasyon CLPPP anvan. Si travay la se yon travay ki gen gwo risk, oswa si w pa vle fè l, ou ka angaje yon pwofesyonèl ki lisansye pou sa.



Fè yon re-enspeksyon final

Aprè yo fin fè dekontaminasyon an, angaje yon evalyatè risk pou li re-enspekte kay la pou ou. Evalyatè a ap sèvi ak wayps pou pousyè pou l verifye si l gen plon.

Si pwoblèm ki ijan an rezoud, evalyatè risk la ap ba ou yon Lèt Kontwòl Tanporè, ki ap sèvi w pou yon lane. Pwopriyetè a ka fè yo re-enspekte kay la anvan fen ane a. Si kay la pase enspeksyon an, yo ap renouvle lèt Kontwòl Tanporè a pou yon lane anplis.



Suivi pou konfòmite total apre 2 lane

Anvan 2 lane a, kay la sipoze gentan dekontamine konplètman si gen yon timoun ki anba 6 lane ki ap viv ladan l.

Resous

Pwogram Prevansyon Kont Anpwazonnman nan Plon Lakay Timoun yo (Childhood Lead Poisoning Prevention Program, CLPPP)

Depatman Sante Piblik Massachusetts
250 Washington Street, Seventh Floor
Boston, MA 02108
1-800-532-9571 (apèl gratis)

Pou w jwenn yon enspektè oswa yon pwofesyonèl ki lisansye nan pwoblèm plon vizite sit entènèt CLPPP a nan:
www.mass.gov/dph/clppp

Depatman Travay Estanda

Pwogram kont Plon
Depatman Travay ak Devlopman Espas Travay
19 Staniford St., 2nd floor
Boston, MA 02114
1-617-626-6960
www.mass.gov/LWD/Labor-standards/lead-program

Pou w jwenn Komite Sante lokal ou a:

Asosyasyon Komite Sante Massachusetts yo
1-508-643-0234
www.mahb.org

Pou èd finansye:

Pwogram Mete Plon Deyò
1-617-854-1000
<http://www.masshousing.com/portal/server.pt>

POU PLIS ENFÒMASYON, KONTAKTE:

Pwogram Prevansyon Kont Anpwazonnman nan Plon Lakay Timoun yo (Childhood Lead Poisoning Prevention Program, CLPPP)

Depatman Sante Piblik nan Massachusetts
250 Washington Street, Seventh Floor
Boston, MA 02108

Rele gratis: 1-800-532-9571

Sou sit entènèt: www.mass.gov/dph/clppp

[Biwo Sante Anviwonmantal Depatman Sante Piblik nan Massachusetts](#)